


# Pwoteje tèt ou.

## Epatit A ap ogmante nan zòn nou an.



Pran vaksen.



Lave men ou.



Viris Epatit A nan pou pou moun ki gen viris la.

- Si yon moun ki gen viris la pa lave men li apre li sot nan twalèt, matyè fekal (pou pou) ka transfere sou objè, manje, bwason oswa medikaman.
- Lè yo pataje bagay sa yo, lòt moun ka vale viris la san yo pa konnen sa.
- Si yon moun ki gen viris la vin an kontak pre avèk lòt moun—pa egzanp pandan sèks—viris la ka transmèt.



Sispann simen enfeksyon an:

- Lave men ou avèk savon ak dlo apre ou fin soti nan twalèt, ak anvan ou manje ak bwè.
- Pa pataje atik pèsònèl, manje, bwason oswa medikaman.



Epatit A ka lakòz pwoblèm nan fwa grav, menm lanmò.



Rele liy enfòmasyon an: 1-844-CALL-DOH (844-225-5364).  
Lendi jiska Vandredi. 8 a.m. rive 5 p.m. Nimewo apèl gratis.

[FloridaHealth.gov/HepA](https://www.floridahealth.gov/HepA)

Depatman Sante Florid 04-29-19: Tout foto yo se pou espikasyon sèlman epi tout moun yo montre yo se modèl. [Getty Images]